

# Konprann Anpwazonnman nan Plon

Yon gid pou paran timoun ki gen gwo nivo plon nan san yo



Pwogram Prevansyon Kont Anpwazonnman  
nan Plon Lakay Timoun yo  
Rele gratis: 1-800-532-9571  
Gen èd ki disponib nan lòt lang.

## Kisa Anpwazonnman nan Plon an ye?


Anpwazonnman nan plon yo rive lè timoun yo vale oswa respire plon an. Plon an anpwazonnen timoun nan lè l antre nan kò l

### Ki sentom anpwazonnman ak plon an?

Pifò timoun ki anpwazonnen nan plon yo pa sanble oswa aji tankou yon timoun ki malad. Yon tès plon se sèl mwayen ki posib pou w konnen si timoun ou an anpwazonnen ak plon.

Gen kèk timoun ki ka genyen:

- Lestoma fè mal
- Pwoblèm pou yo manje oswa dòmi
- Tèt fè mal
- Twoub pou yo rete konsantre



### Ki efè alontèm plon an?

Domaj plon an lakoz la ka pa janm ale. Plon ki nan kò a ka:

- Andomaje sèvo yo, ren yo ak sistèm nève yo
- Ralanti kwasans ak devlopman
- Fè l difisil pou moun nan aprann
- Andomaje odisyon ak lapawòl timoun nan
- Bay pwoblèm konpòtmantal

### Pou konbyen tan plon an ka ret nan kò moun nan?

Plon an ka ret nan kò moun nan pou anpil tan. Timoun piti yo absòbe plon an pi fasil pase granmoun yo. **Si timoun ou an kontamine nan plon, doktè ka ba li medikaman pou ede kò li debarase l de plon an.**

**Timoun yo pa oblije manje mòso penti pou yo kontamine. Pifò timoun yo kontamine nan pousyè ki nan men yo ak nan jwèt yo.**



### **Kòman timoun yo fè anpwazonnen nan plon?**

Pifò anpwazonnman nan plon nan Massachusetts yo soti nan pousyè penti ki gen plon nan ansyen kay yo. Anpil nan kay ki fèt anvan lane 1978 yo gen penti ki gen plon anndan ak deyò kay la.

Lè ansyen penti an krake epi l ap leve, li vin bay mòso penti sèk ak pousyè ki gen plon ladan l. Renovasyon kay yo tou kreye pousyè plon. Pousyè plon yo tonbe atè a. Pousyè ki gen plon an antre nan kò timoun yo lè yo mete men yo ak jwèt yo nan bouch yo. Timoun yo ka respire pousyè plon an tou.

Se timoun ki nan laj 9 mwa ak 6 lane yo ki plis a risk. Menm si se ak yon ti kantite tou piti, plon an ka fè timoun nan pa aprann byen, gen difikilte pou li prete atansyon epi bay pwoblèm konpòtman. **Si w ansent, plon an ka andomaje timoun ou an.**

### **CLPPP vle di Pwogram Prevansyon Kont Anpwazonnman nan Plon Lakay Timoun yo (Childhood Lead Poisoning Prevention Program)**

## Konprann tès plon an

### Kisa yon tès pou plon ye?

Nan tès pou plon an, y ap pran yon echantiyon san nan dwèt oswa nan bra timoun nan. Tès la ap mezire ki kantite plon ki nan san timoun ou an. Pifò timoun yo gen plon yo ki anba nivo 5.

### Dwèt oswa Bra?

- San yo pran nan dwèt yo, yo rele yo yon echantiyon **kapilè**.
- San yo pran nan bra yo, yo rele yo yon echantiyon nan **venn**.

### Fè yon dezyèm tès

Li enpòtan pou timoun ou an pase yon tès yon dezyèm fwa. Rele doktè w la oswa klinik sante ou a pou w planifye yon dezyèm tès pou plon.



Nivo plon an	Dezyèm tès la
<b>Tès kapilè</b> <b>5 oswa plis</b>	Fè timoun nan refè tès la ankò nan 2 mwa. Pi bonè si li pi wo pase 20.
<b>5-14 nan venn</b>	Fè timoun nan refè tès la ankò nan <b>3 mwa</b>
<b>15-19 nan venn</b>	Fè timoun nan refè tès la ankò nan <b>2 mwa</b>
<b>20 oswa plis nan venn</b>	Fè timoun nan refè tès la ankò nan <b>1 mwa</b>

Kapilè (dwèt)



Nan venn (bra)



## Kisa Nivo Plon Ki nan San Timoun Mwen an Vle Di?

### Yon nivo 5 a 9 nan venn se yon Nivo Plon nan San ki Enkyetan

Yon nivo plon nan san ki 5 oswa plis pa bon.

- Pifò timoun yo pa sanble oswa aji tankou yon timoun ki malad.
- Doktè w la ka mete timoun ou an sou fè. Pale ak doktè w la konsènan pwoblèm aprantisaj oswa devlopman yo. Timoun ou an ka bezwen yon plan edikasyon espesyal.
- Li enpòtan pou w jwenn epi rezoud pwoblèm plon an lakay ou. Fè yo teste kay ou a pou si l gen plon.
- Sonje pou w pase timoun ou an tès ankò atravè yon echantiyon nan venn!

### Yon nivo 10 oswa plis nan venn se yon anpwazonnman

Yon timoun ki poko gen 6 lane ki gen yon nivo plon nan san l ki 10 oswa plis, se yon timoun ki **anpwazonnen** ak plon.

- Timoun ou an ka nesite pou l etène lopital. Doktè ka ba l medikaman pou ede l debarase l de plon ki nan kò l la. Se sa yo rele “**chelasyon an.**”
- Gen kèk timoun ki ka gen pwoblèm langaj, pwoblèm pou yo tandè oswa pou yo konsantre. Pale ak doktè w la konsènan pwoblèm aprantisaj yo. Timoun ou an ka bezwen yon plan edikasyon espesyal.
- Si timoun ou an anpwazonnen nan plon, ou **dwe** fè yo teste kay ou a pou ou pou si l pa gen plon. Yon enspektè nan CLPPP ap tcheke kay ou a pou si l gen plon. Si gen plon lakay ou, sa sipoze rezoud.
- Sonje mennen timoun ou an fè yon lòt tès pou plon lè doktè w lan di w sa, yon fason pou w asire w ke timoun ou an vin mye!

## Jwenn Plon ki Lakay ou a

### Fè yo teste kay ou a pou wè si l gen plon.

Li enpòtan pou w konn ki kote timoun ou an pran plon sa yo. Si se nan fèm ou ye, mande pwopriyetè kay la pou li teste kay la pou wè si li pa gen plon. Si pwopriyetè w la refize, rele CLPPP. Yon enspektè eta a ap teste kay ou a gratis.

Si se ou ki pwopriyetè, angaje yon enspektè lisansye pou li teste kay la pou ou.

### E si gen yon penti ki gen plon nan kay mwen an?

Si gen yon penti ki gen plon lakay ou, pwopriyetè a sipoze rezoud sa. Pwosesis rezoud pwoblèm penti ki gen plon nan kay yo rele **Dekontaminasyon Penti ki gen Plon (deleading)**.

Dekontaminasyon an kapab reprezante yon danje. Se yon moun ki resevwa fòmasyon epi ki otorize ki sipoze fè travay la. Gen kèk travay se sèlman pwofesyonèl ki lisansye pou sa ki ka fè l. Pou w aprann plis sou sa, rele CLPPP pou w mande yon kopi ti liv Dekontaminasyon penti ki gen plon yo.

### Si se ou ki pwopriyetè kay la ou ka jwenn lajan pou w peye pou yo fè dekontaminasyon an pou ou.

Rele Pwogram Mete Plon Deyò a pou plis detay nan: 1-617-854-1000.

#### Se nan lwaye ou ye?

Si se nan lwaye ou ye, pwopriyetè a dwe peye pou yo rezoud pwoblèm plon ki nan kay la. Lalwa pwoteje fanmi ki gen timoun ki poko gen 6 lane yo.



## Lèt Sous Plon yo

Se pa sof nan penti ou ka jwenn plon.



### Gen plon nan po yo fè alamen yo ak nan veso yo.

- Po emaye yo, tankou po pou met ti pye pwa yo
- Samova ak lòt po ki gen soudi plon

### Gen plon nan anpil espas travay.

- Travay Konstriksyon
- Garaj machin
- Plonbri
- Espas kote moun ap travay ak batri
- Espas kote moun ap soude oswa ap fonn metal

### Gen plon ki nan pwodui ki sot nan lòt peyi.

- Bonbon, espesyalman bonbon ak anbalaj ki sot Meksik
- Pwodui makijaj
- Jwèt bijou
- Bwat manje ki enpòte
- Remèd ou fè lakay ou espesyalman poud wouj, jòn, oranj oswa poud blan yo itilize pou vant fè mal (tankou “Azarcon” oswa “Paylooah”)



### Gen plon nan latè ak nan dlo yo.

- Nan tè
- Nan tiyo plonbri yo (soudi)



### Plon an prezan nan atizana ak nan espò.

- Nan kèk materyo pou lapèch
- Bal
- Fabrikasyon vit

## Aprann Kòman ou ka Pwoteje Timoun ou

Premye etap la, se jwenn epi retire plon an lakay ou pi bonè ke w kapab. Plis timoun nan an kontak ak plon an, plis plon an ap adomaje kò l. Fè yo enspekte kay ou pou si li gen penti ki gen plon. Pran prekasyon kont lòt sous plon yo tou.

Anvan yo retire plon yo, gen bagay byen senp ou ka fè pou pwoteje timoun ou an kont plon an:

- Netwaye pousyè ki nan kay la
- Kenbe timoun yo lwen penti ki gen plon yo ak pousyè penti a
- Bay timoun ou an manje ki bon pou lasante







**Men sa w ka fè pou w pwoteje timoun ou a:**

- **Netwaye pousyè plon yo.**
- **Kenbe timoun yo lwen penti ki gen plon yo ak pousyè penti a.**
- **Bay timoun ou an manje ki bon pou lasante.**

**Kontinye li pou w aprann plis.**

## Netwaye Pousyè Plon yo

### Mouye wayps la souvan pou w redui pousyè plon yo.

- Pa itilize yon aspiratè oswa yon bale pou w netwaye pousyè oswa penti ki gen plon an. Sa ka simayen pousyè a nan lè a.
- Asire w pou w netwaye fenèt yo ak alantou yo, kote timoun yo ap jwe yo ak atè a.
- Netwaye omwen yon fwa pa semèn.

### Lave men yo ak jwèt yo souvan.

- Lave men timoun ou an souvan epi toujou lave men l anvan l manje ak lè li pral dòmi.
- Lave jwèt timoun ou yo ak dlo ak savon.

### Chanje rad ou lè w sot travay.

- Si gen yon moun nan fanmi an ki ap travay ak plon, yo sipoze chanje rad sou yo anvan yo rantre lakay yo. Yo sipoze benyen anvan yo jwe ak timoun yo.
- Lave rad travay la apa, pa melanje yo ak rès rad pou lave yo.

### Retire bagay nan pye w anvan w antre nan kay la.

Sa ede nou kenbe tè ak pousyè yo deyò kay la.  
Itilize yon ti kapèt (doormat) pou w siye pye w.



## Kòman pou w netwaye



### 1) Mete Gan.



### 2) Itilize yon Boutèy Esprey.

Sa ap redui pousyè a. Netwaye sifas yo ak netwayan ki la pou netwaye tout bagay. Byen fwote.



### 3) Itilize Sèvyèt an papye.

Itilize yon nouvo papye twalèt pou netwaye chak zòn. Pa itilize yon rad oswa yon eponj - sa ap sèlman simaye pousyè a.



### 4) Jete I nan Poubèl la.

Mete moso penti yo ak sèvyèt an papye a nan yon sachè plastik. Byen fèmen sachè a.



### 5) Lave men w apre w fin netwaye a.

## Kenbe timoun yo lwen penti ki gen plon yo

### Kouvri penti ki lach yo.

Itilize papye oswa tep (duct tape) pou w kouvri penti ki lach yo nan fenèt yo ak alantou yo ak mi yo.



### Bloke aksè a penti ki gen plon yo.

- Deplase mèb yo mete kote penti oswa plat yo ap leve a.
- Pa janm plase yon mèb kote yon timoun ka monte sou li epi pou l tonbe nan yon fenèt.
- Kenbe pati anba fenèt la fèmen.
- Ouvri sèlman pati anwo a, si w kapab.
- Chanje timoun ou an chanm. Si chanm timoun ou gen penti ki ap dekale, itilize yon lòt chanm.

### Fè renovasyon ki san danje.

- Pa fè onkenn travay renovasyon oswa reparasyon jiskaske yo enspekte kay ou a pou yo gade si l pa gen plon.
- Pou w aprann plis konsènan pratik sou travay ki san danje, rele CLPPP.

#### **Pridan**

Travay nan kay tankou repase men ak grataj ka jenere pousyè plon ki reprezante gwo danje.



## Bay timoun ou an manje ki bon pou lasante

### Chèche manje ki gen kalsyòm, fè ak vitamin C

Manje sa yo ka ede li debarase l de plon ki nan kò l.

W ap jwenn kalsyòm nan lèt, yogout, fwomaj, ak legim ki vèt tankou epina.



W ap jwenn fè nan vyann, pwason, pwa, sereyal, nwa, manba.



W ap jwenn Vitamin C nan zoranj, tomat, pwavon vèt ak wouj, ak ji.



### Bay timoun ou an ti goute ki bon pou lasante tankou:

- Fri ak legim ki fre
- Sereyal antye
- Fwomaj ak yogout

### Bay timoun ou an 4 a 6 ti repa pa jou.

- Timoun yo absòbe mwens plon lè vant yo plen.

### Fè yo manje san danje.

- Manje sou tab.
- Pa ranmase epi manje manje ki tonbe atè.
- Lave men timoun ou an anvan chak ti goute oswa repa.
- Itilize dlo frèt pou w fè manje, pou bwè, ak pou w fè lèt pou timoun lan.

## Lalwa kont plon nan Massachusetts

Lalwa kont plon an pwoteje timoun ki poko gen 6 lane epi ki ap viv nan yon kay ki fèt anvan 1978. Si gen yon penti ki gen plon lakay ou, pwopriyetè a sipoze rezoud sa.

Pwopriyetè yo sipoze koube yo anba lalwa sou koze plon an. Si gen yon timoun ki anpwazonnen nan plon lakay li, pwopriyetè a responsab de sa.



### Diskriminasyon

Si se nan lwaye ou ye:

- Pwopriyetè w la pa ka mete w deyò oswa monte lwaye w la akòz de penti ki gen plon an.
- Yon pwopriyetè pa ka refize pou li lwe w kay paske w gen timoun, menm si genyen plon nan kay la. Sa ilegal.
- Yon pwopriyetè pa ka refize lwe w akòz de ras ou, revni ou, oswa paske w andikape.
- Si w gen yon pwoblèm diskriminasyon, rele CLPPP pou èd.

**Don't Forget**

- Bring your child back for a second lead test
- Have your home inspected for lead.
- Keep your children away from leadpaint and dust.



CLPPP vle di Pwogram Prevansyon Kont Anpwazonnman nan Plon Lakay Timoun yo (Childhood Lead Poisoning Prevention Program) Si w gen kesyon konsènan plon, rele CLPPP gratis nan 1-800-532-9571 oswa vizite <http://www.mass.gov/dph/CLPPP>

**POU PLIS ENFÒMASYON, KONTAKTE:**

**Pwogram Prevansyon**

**Kont Anpwazonnman nan Plon Lakay Timoun yo  
(Childhood Lead Poisoning Prevention Program, CLPPP)**

**Depatman Sante Piblik Massachusetts**

250 Washington St., 7th Floor

Boston, MA 02108

Rele: 1-800-532-9571 oswa 617-624-5757

TTY: 617-624-5286

Imel: [clppp@state.ma.us](mailto:clppp@state.ma.us)

Sou entènèt: [www.mass.gov/dph/clppp](http://www.mass.gov/dph/clppp)

**Biwo Sante Anviwonmantal**

**Depatman Sante Piblik nan Massachusetts**

